

## Prepare Ou pou Sezon Siklòn lan



Souvan nou sonje sa pou nou fè andedan kay nou pou nou prepare pou sezon siklòn lan. Men, e sa ki deyò yo? Si ou prepare lakou ou pou tanpèt vyolan yo, sa kapab gen yon gwo efè sou jan bagay yo pase byen pou pwopriyete w.

Epi kounye a se yon bon moman pou w prepare w.

### 1. Debranche Pyebwa yo – Men Se pa Tout.

Espès komen nan Florid yo – tankou pye bwadchenn, willow ak erab – gen rasin ki pa twò fon epi yo ka baskile pi fasil lè van vyolan souke pyebwa ki chita toudenkou nan tè ki tranpe ak lapli. Koupe branch ki mouri ak endisipline yo pou diminye risk danje sa pandan w ap redui risk pou branch yo kase epi vòltije andedan pwopriyete w. Sepandan, pa gaspiye tan ak enèji nan debranche pye palmis ki pa pote fwi ki fèt pou reziste lapli ak van. Yo debranche tèt yo yomenm. Branch pye palmis ki tonbe yo lejè epi yo pa ka fè twòp dega, alewè okenn dega. (Sa pa konsène pye kokoye yo, ki gen fwi ki ka vin tankou boulèt kanon nan van vyolan yo.)

**2. Kreye peyizaj pou diminisyon risk.** Kisa sa vle di? Plante nouvo pyebwa lwen kay ou ak fil kouran yo. Chwazi espès ki reziste ak van, tankou pifò pye palmis yo. Plante yo an gwoup pou ogmante rezistans ak van. Epi pa awoze pyebwa

yo twòp. Sa fè rasin yo antre pi fon nan tè a pou yo chèche dlo pou yo ka reziste pi fò kont van yo.

### 3. Redui Plant ki Pandye yo epi Mèb Patyo yo.

Alòske anpil nan nou konnen pou nou fikse oswa mete andedan plant ki pandye epi mèb patyo yo lè yon tanpèt prêt pou rive, se yon bon lide tou pou diminye kantite atik ou gen deyò amezi ete a ap twoche. Antouleka, mwa ki pi cho sa yo ka mande pou w andedan. Tanpèt vyolan yo ka lakòz atik sa yo vin zam k ap vòltije. Pèsonn pa vle deplase yon pakèt kantite mèb konsa ak yon pi gwo kantite plant antre soti nan kay la lè vin gen previzyon enkyetan. Kidonk, redui sa ki deyò kounye a epi evite tèt ou kèk travay lè ou wè meteyolojis yo kòmanse vin trè aktif ak eksite.

**4. Fèmen Kwonomet Irigasyon yo.** Sa se yon bagay ki fasil. Lè vwa meteyolojis sa yo kòmanse eksite epi figi yo vin tou wouj – lè yon tanpèt ka petèt nan distans youn oswa de jou – fèmen kwonomèt sistèm irigasyon ou yo. Si yon tanpèt frape, ou pral gen anpil lapli.

**5. Kloti Rezistan ak Tanpèt.** Yon move konsepsyon kouran sèke kloti entimite solid yo reziste ak siklòn paske yo bloke van an. Men, se defo pa yo sa. Akimilasyon rezistans ak van pral fini pa fè kloti a tonbe. Pakont, kloti ak lat yo pèmèt lè a

travèse yo byen fasil, ki vle di kloti ak lat yo gen mwens tandans pou yo baskile akòz van vyolan yo. Si ou deja gen yon kloti ki entimite, asire w ke poto yo solid epi pano yo byen konekte ak mentni.

## Fon Korespondans Disponib pou Amelyorasyon pou Siklòn - Pa rate okazyon an!



Èske w ap chèche pwoteje kay ou kont siklòn, men pri a fè w ezite? Genyen fon korespondans jiska \$10,000 disponib alèkile pou pwopriyetè kay ki kalifye yo grasa yon pwogram popilè ki deja akòde \$100 milyon pou efò diminisyón risk yo.

Kòm repons pou premye siksè li te gen ane pase, Lejislati Florid la te apwouye nan mwa Me yon lòt \$100 milyon pou pwogram My Safe Florida Home lan (MSFH) pou ede fè renovasyon nan pwopriyetè rezidansyèl yo pou yo reziste pi byen avèk van ak lapli siklòn yo pwovoke.

Tim O'Neil, administratè enfòmasyon sou pwogram lan nan Depatman Sèvis Finansye Florid la, di konsa "Pwogram My Safe Florida Home lan ede pwopriyetè kay yo pwoteje kay yo kont fiti tanpèt yo epi li ka ede bese prim asirans yo tou". "Enspeksyon gratis pou van yo idantifye possibile pou amelyorasyon yo, epi sibvansyon yo ede kouvi pri a, sa ki fè pwogram lan benefisyé Moun Florid yo tout jan".

Si sa ki te pase deja se yon endikasyon, ou dwe aji vit. Pwogram sibvansyon an te fikse sou yon baz premye vini, premye sèvi epi li te tèlman popilè ane pase ke fon yo te angaje totalman apre kèk mwa sèlman.

Si w pa déjà gen yon enspeksyon akseptab ki fèt apre 1 Jiyè 2008 pou diminisyón risk nan siklòn, premye etap la se jwenn yon enspeksyon gratis ki fèt pou kay ou pou diminisyón risk van. Pou aplike, ranpli fòm aplikasyon an sou [sitwèb My Safe Florida Home](#) lan. Pwopriyetè pwopriyete rezidansyèl yon sèl fanmi ki bati sou plas yo ka aplike epi resevwa yon enspeksyon san lòt obligasyon pou aplike pou yon sibvansyon.

Pwopriyetè kay ki te resevwa yon enspeksyon pou diminisyón risk van gendwa kalifye pou aplike pou jiska \$10,000 nan fon sibvansyon an – \$2 fon korespondans pou chak \$1 rezidan an depanse – pou fè amelyorasyon ki idantifye yo.

Pou kapab kalifye:

- Ou dwe bay prèv egzansyon homestead.
- Ou dwe bay dokiman ki montre kay ou gen asirans pou \$500,000 oswa mwens.\*
- Kay la dwe nan [rejyon nan Eta a kote van charge debri](#).
- Premye pèmi konstriksyon kay la dwe te resevwa anvan 1 Janvye 2008.
- Ou dwe pèmèt yo reenspekte kay ou apre travay konstriksyon yo fini.

Pwojè ki kalifye yo gen ladan:

- Kouvèti twati amelyore, atachman tabliye twati, koneksyon twati ak miray epi baryè dlo segondè pou twati a
- Amelyorasyon pòt eksteryè
- Amelyorasyon fenèt yo
- Amelyorasyon pòt garaj

Se yon kontraktè pwogram MSFH la apwouye ki dwe fè enspeksyon ak renovasyon yo.

Plis enfòmasyon epi fòm yo disponib nan [mysafeflhome.com](#). Pa rete tann. Aplike jodi a.

*Remak:* Pwopriyetè kay ki moun revni fèb, jan li defini nan s. 420.0004(11), F.S., egzante pou egzijans sa a.

## Nou Pare – Kijan pou Jwenn Nou Apre yon Katastwòf



Sant Repons Katastwòf Citizens yo (Citizens' Catastrophe Response, CRC) se avanpòs Citizens ki deplwaye nan zòn katastwòf yo pou rankontre fas a fas avèk moun asire ki pa kapab depoze reklamasyon akòz pàn kouran, pàn rezo oswa yon pakèt lòt obstak yon tanpèt lakòz.

CRC yo fè pati respons jeneral Citizens pou katastwòf yo, epi yo gen estaf volontè ki sibi fòmasyon espesyal anvan yo deplwaye sou teren an. Malgre tout teknoloji a – flo satelit, kapasite entènèt ak Wi-Fi – moun yo sou teren an fè siksè CRC yo.

Deplwaye nan yon zòn katastwòf, se pa bagay pou moun ki gen kè fèb. Anplwaye yo deplwaye nan zòn kote moun yo ka pèdi pratikman tout bagay. Pifò ap lite avèk lojistik yo reprann yo. Gen lòt k ap dijere toujou chòk yo fenk sibi a.

Katie Wallace, yon souskriptè Citizens, raple l li tande yon moun asire nan Fort Myers k ap di jan fanmi l te kache nan yon galta nan kay Sanibel Island yo a avèk yon si-ak-chèn pandan dlo inondasyon yo t ap monte – ki te fòse koup la evakye finalman apati twati a sou yon bato pou yo kite zile a.

Wallace di, "antanke konpayi asirans, nou sipoze kapab reponn nan moman moun yo gen bezwen – e mwen gen enpresyon mwen ka fè sa isit la".

Volontè Citizens yo wè dirèkteman ravaj yon siklòn majè lakòz ke w pa ka dekri pafwa. Souvan, istwa yo bay kè kase. Pou anpil volontè, se yon eksperyans ki transfòme yo.

Babi Pankey-David, yon volontè Citizens, di: "Sa kapab akablan". "Pafwa ou oblige jis ekate w pou w reprann souf ou epi rete kalm pou pwochen kliyan an".

Jounen yo long men volontè yo di satisfaksyon yo jwenn nan ede moun asire yo konpanse tout difikilte yo.

Nicholas Gonzalez, ki te deplwaye nan Fort Myers apre siklòn lan, di: "Lè w wè yo souri epi yo ba w lanmen, sa fè tout bagay vo lapèn".

### Jis Ankake: Men Kijan pou Jwenn Nou

Pi bon fason pou konnen si yo te deplwaye yon CRC nan zòn ou an, se pou w ale sou sit entènèt ekstèn Citizens lan oswa swiv Citizens sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

Anplis, Citizens se yon esponnsò prensipal [Florida Public Radio Emergency Network \(Rezo Ijans Radyo Piblik Florid\)](#). Apre yon tanpèt, enfòmasyon sou anplasman CRC yo pibliye sou sit entènèt ak aplikasyon mobil FPREN. Yo difize anplasman yo tou sou estasyon radyo piblik lokal ou. Lè sa apwopriye, Citizens ap achte espas nan medya komèsyal yo tou pou yo fè pawòl la sikile.



# Mizajou nan Lwa sou Kouvèti Inondasyon yo Pote Plis Chanjman



Inite kondominyòm ki asire sou yon fòm pwopriyetè inite kondominyòm yo p ap oblige jwenn kouvèti kont inondasyon ankò pou yo ka kalifye pou yon kontra asirans Citizens selon yon pwojè lwa Lejislati Florid la te adopte epi Gouvènè. Ron DeSantis te siyen apresa.

Lejislati a te adopte [HB 799](#), ki egzante pwopriyetè inite kondominyòm yo ak egzijans asirans kont inondasyon pou kouvèti nan Citizens. Chanjman an te pamì yon litani refòm Lejislati a te adopte pandan sesyon 2023 li a ki te afekte Citizens ak mache asirans pwopriyete prive a.

Lòt moun asire rezidansyèl Liy Pèsònèl ki gen kouvèti kont van yo pral kontinye oblige jwenn kouvèti kont inondasyon pou yo rete nan Citizens nan kad yon apwòch pwogresif Lejislati a te apwouye an Desam 2022.

Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an pèmèt moun asire ki te déjà achte asirans kont inondasyon pou yo anile kontra asirans lan jiska dat antre anvige kouvèti kont inondasyon an, men yo p ap ranbouse prim kont inondasyon yo on fwa kontra asirans lan antre anvige.

Moun asire ki vle anile kouvèti kont inondasyon an dwe kontakte ajan asirans yo a pou fè chanjman yo.

## Kouvèti kont Inondasyon Obligatwa Toujou pou lòt Kontra Asirans Rezidansyèl Pèsònèl yo

Moun asire nan Liy Pèsònèl Citizens ki nan zòn Ajans Federal Jesyon Ijans lan (FEMA) deziyen kòm zòn ak risk pou inondasyon ki gen kouvèti

asirans kont van nan kontra asirans yo pral oblige gen asirans kont inondasyon pou renouvelé kontra asirans Citizens yo a apati 1 Jiyè 2023 oswa apre dat sa.

Pou tout lòt moun asire rezidansyèl Liy Pèsònèl yo ki gen kouvèti kont van (anwetan pwopriyetè kondominyòm yo), yo pral mete egzijans asirans kont inondasyon an yon fason pwogresif pou nouvo moun asire ak pou moun k ap renouvelé yo sou pwochen peryòd katran an nan fason konsa:

- 1 Janvye 2024, pou yon estrikti ki gen yon pri ranplasman lojman \$600,000 oswa plis
- 1 Janvye 2025, pou yon estrikti ki gen yon pri ranplasman lojman \$500,000 oswa plis
- 1 Janvye 2026, pou yon estrikti ki gen yon pri ranplasman lojman \$400,000 oswa plis
- 1ye janvye 2027, pou tout lòt pwopriyete rezidansyèl Liy Pèsònèl yo ki asire ak Citizens

## Lòt Chanjman Lejislatif yo

Chanjman legal la pou egzante pwopriyetè inite kondominyòm yo ak egzijans asirans kont inondasyon Citizens te fè pati anpil gwo chanjman Lejislati a te adopte, sa gen ladan yon kokennchenn mezi ([SB 7052](#)) anrapò ak responsabilite konpayi asirans yo.

Lòt chanjman yo gen ladan:

- Entèdiksyon pou konpayi asirans yo redui estimasyon pèt yo nan rapò ajistè yo san yo pa bay eksplikasyon an detay sou chanjman yo
- Egzije pou konpayi asirans yo kreye yon lis chanjman epi revele kiyès ki te chanje rapò ajistè yo oswa konsève tout vèsyon rapò yo pou enspeksyon alavni
- Anpeche konpayi asirans yo anile oswa pa renouvelé yon kontra asirans rezidansyèl pou pèt ki kouvari ki pa anrapò ak sikhòn jiskaske pwopriyete a te reparé oswa yon ane apre konpayi asirans lan bay peman reklamasyon final la, selon sa ki pi bonè a
- Ogmane amann maksimòm pou pratik komèsyal enjis oswa twonpè epi pou mankman pou reponn nan bon moman plent konsomatè yo

# Kisa ki nan Kit Ou an?

## Kit Preparasyon pou Siklòn

Kreye kit ou pou siklòn avèk atik ki annapre la yo:



Glas/pake glas ki ka  
resèvi pou kenbe manje  
frét si gen pàn kouran



Flach oswa lanp ki  
mache ak pil



Twous premye swen  
otonòm, sa gen ladan  
medikaman pou  
bèt kay yo




Manje ak dlo pou  
twa jiska sèt jou  
pou chak moun ak  
chak bète kay



Radyo bann meteyo  
pou siveye alèt  
meteyo yo



Prela oswa fèy materyèl  
fleksib enpèmeyab pou  
sizoka kay ou andomaje



Batri ak chajè machin  
pou telefòn yo ak  
aparèy mobil yo



Jwèt ak atik jwèt



Founiti ak manje pou  
bèt kay yo



Lajan kach pou acha  
apre tanpèt la



Dokiman enpòtan  
fwaye a (kontra asirans,  
dosye vaksinasyon,  
enfòmasyon bank)



Yon pwovizyon  
medikaman preskripsyon  
pou 10 jou pou chak moun  
nan fwaye a ak yon lis  
kontak medikal yo

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kit pou siklòn, ale sou  
<https://www.floridadisaster.org/planprepare/hurricane-supply-checklist/>

#HurricanePrep



### myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak  
eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



**Rele Citizens First nan**  
**866.411.2742**

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon  
byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m.  
ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)